Генерал
Гаджимагомедов Салман Таймасханович.

Генерал - государственный советник юстиции - Гаджимагомедов Салман Таймасханович, окончил Хасавюртовское педучилище, директор Ленинаульской начальной школы, окончил Саратовский юридический институт им. Д.И. Курского и аспирантуру при этом институте, прокурор отдела Прокуратуры ДАССР, народный депутат Кизилюртовского городского Совета народных депутатов, прокурор Межрайонной прокуратуры г.Кизилюрта, Прокурор РД, Председатель Конституционного Суда РД, народный депутат Верховного Совета ДАССР, член бюро Дагестанского обкома КПСС, кавалер ордена Знак Почета, Заслуженный юрист РД и РФ, Почетный работник Прокуратуры СССР.

Юбилей. «Баркиял ва гьара-рахьиял». г.»Х1акъикъат». №№5-8. от 23.01.08г. стр.3/. 5 января 2008г. председатель Конституционного Суда РД Гаджимагомедову Салману Таймасхановичу исполнилось 70 лет.
«Т1олабго профессионалияб х1алт1и дуцца буссинабуна лъик1аб ишалъе-законалъе хъулухъ гьабиялъе, лъай ва х1албихьи мустах1икълъана г1емер соназ дуца нухмалъи гьабулеб бугеб Дагъистаналъул Конституционнияб Судалъе х1алт1изабизе», -ян хъвалеб буго РФялъул Конституционияб Судалъул председатель В.Д. Зобрькиница юбилей баркун бач1араб телеграммаялда. Всю профессиональную деятельность Вы посвятили достойному делу – служению закону, знания и труд Вы посвятили долгие годы на благо работы Конституционного суда», - пишет в своей поздравительной телеграмме Председатель Конституционного Суда РФ Зорькин В.Д.

«Дуца нахъа тараб нух кола Ват1аналъе хъулухъ гьабиялъул, Ват1аналде ва дурго халкъалде бугеб к1удияб рокьиялъул мисаллъун. Республикаялъул пачалихъияб г1уц1иялъулъ к1вар бугеб бут1алъун кколеб Дагъистаналъул Конституционнияб Судалъе 15 соналъ бет1ерлъи гьабулаго, Конституциялъулаб хъаравуллъи цебет1еялъулъ, инсанасул эркенлъи ва ихтиярал ц1униялъулъ дуца к1удияб бут1а лъолеб буго», - абун къимат кьолеб буго Салман Х1ажимух1амадовасул х1алт1уе РФялъул Президентасул Россиялъул Конституционияб Судалда вугев ихтияр кодосев вакил М.Кротовас.

«70 сон кола г1умруялъул машгьураб г1орхъи, гьелъул хасаб г1уж, гьениб цоцалъ рухьун рук1уна арал соназул бечелъи, ай г1умруялъул ва х1алт1ул х1албихьи, профессионалияб махщел, х1алт1улъ бергьенлъаби ва к1очонарел лъугьа бахъинал, г1умруялъул къобихьиязулъ х1албихьарал гьудул-гьалмагъзабазул адаб-х1урматалъул къимат ц1ик1к1араб заман.
Лъакъоялда анц1го сон гьеб унго-унголъунги киналдего берал рагьараб ригь кола. Дуца г1умру кьуна лъик1аб ишалъе – Ват1аналхе хъулухъ гьабиялъе. Дуца Ват1аналъе гьабураб хъулухъалъул рак1-рак1алъ х1урмат гьабизе т1амула. 20-ялдаса ц1ик1к1ун соналъ законалъул рит1укълъи ц1унун мун х1алт1ана прокуратураялъул органзда ва прокуратураялъулгун следственниял жавабиял хъулухъазда, гьанжеги Дагъистан Респуьликаялъул Конституционияб Судалъе нухмалъи гьабун х1алт1улевги вуго» - ян хъван буго гьесухъе РФялъул Генералияв прокурор Ю.Чайкаца.

«Г1уц1арухъанасул гьунар ва юристасул т1адег1анаб махщел бук1иналъ рес кьуна дуе х1алт1улъ к1удиял бергьенлъаби росизе, зах1матал ва жавабиял х1алт1аби цере рачине ва т1адкъараб ишалъул т1адег1анаб жавабчилъиялъ, зах1мат бокьиялъ борхана дурр къадру-къимат цадахъ х1алт1улезда гборкьоб», -ан къимат кьун буго Салман Х1ажуимух1амадовасе жиндирго баркиялъулъ нилъер ракьцояв, РФялъул Генералияв прокурорасул заместитель С.Кехлеровас.

Юбилеялда хурхун Салманида гьесул къисматалъул байрам баркулезул сиях1алда руго жеги: Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председатель Мух1амад Сулейманов, Санкт-Петербургалъул Уставалъулаб судалъул председатель Н.Гуцан, Татарстан Республикаялъул конституционияб Судалъул председатель В.Демидов, Калининград областалъул Уставалъулаб судалъул председатель Ю.Кузяев, Коми Республикаялъул Конституционияб Судалъул председатель Ю.Гаврюсов, Пачалихъияб Думаялъул депутат А.Нюдюрбегов,, РФялъул Верховный Судалъул ДРялда бугеб судалъул департаменталъул Управлениялъул М.Г1умаров, РФялъул президентасул жанисеб политикаялъул Управлениялъул департаменталъул начальникасул заместитель В.Боброва, ДРялъул Х1укуматалъул диназул ишазул рахъалъ Комитеталъул председатель А.Мух1амадов.

«Х1акъикъаталъул» х1алт1ухъабазги Салман Х1ажимух1амадовасда баркула г1умруялъул 70 сон т1убай. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, жеги г1емерсоназулаб г1умру, хъизаналъулаб талих1, сах-саламалъи, г1умруялъул къин гьеч1еб къуват! С.Х1ажимух1амадовасул х1акъалъулъ макъала бук1ина хадусел номеразда. Юбилей. «Баркиял ва гьара-рахьиял». г.»Х1акъикъат». №№5-8. от 23.01.08г. стр.3/.

Подготовил Гаджимагомедов Г.Р.